# Гуры демократийы скъолайы разæвзарæнон сферайыл фæныхас кодтой

21 Хурхæтæны мæй 2016

Æппæтдунеон организаци «Нидерланды иснститут бирæпартион демократийы тыххæй» - йы инициатива æмæ организгондæй, Гуры «Демократийы скъолайы» разæвзарæнон сферайы уæвæг расидæнтæ æмæ политикон уавæры фæдыл фæныхас кодтой. Фембæлды хайад истой Гуры политикон партиты, медиа æмæ æнæхицауадон организациты бæрнонтæ. Мадзалы райста хайад афтæ дæр Шида Картлийы губернаторы хæдивæг Гурам Мачъарашвили, кæцы хъусдард сцырын кодта  æвзæрстыты демократионæй саразыны нысаниуæгдзинад æмæ администрацийы номæй æвзарæнон процессы гомæй саразыны нысанæй, компетенцийы фæлгæтты, администрацийы ацы процессы хайадистыл сцырын кодта хъусдард. Фембæлдыл «Æрыгон юристты ассоциаци», «Рæстаг  æвзæрстытæ» æмæ адæмон хъахъæнæгы аппараты бæрнонтæ бакастысты процессы гомæй æмæ сæрибарæй  сарæзты дзуаппдæттæг организациты, се æхсæн хицауады бæрнонтæм стыр хъусдардмæ басидтысты. Бынæттон æнæхицауадон организациты бæрнонты ныхасмæ гæсгæ, аналогион фембæлдтæ разæвзарæнон периоды æнæ иу хатт сырæздзысты.